



PWOJÈ PILÒT BILTEN VÒT POU VOTE PA LAPÒS AKSESIB

DEMANN BILTEN VÒT ELEKTWONIK

KONTE MIAMI-DADE

Fòm PDF moun ka ranpli; oswa enprime epi sèvi ak lank nwa oswa ble

Mèsi pou enterè w pou patisipe nan Pwojè Pilòt Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs Aksesib nou an, yon nouvo metòd pou vote ki pèmèt votè ki andikape yo sèvi ak yon bilten vòt elektwonik pou vote avèk yon bilten vòt pou vote pa lapòs ki sekrè, endepandan e verifyab. Pwojè sa a limite a votè ki enskri nan Konte Miami-Dade, Florid, ki idantifye tèt yo kòm andikape epi ki kalifye pou patisipe nan Eleksyon Jeneral 2020 an.

Men etap pou w swiv si ou ta renmen patisipe:

DEMANN POU PATISIPE:

- Imel nou nan votebyemail@miamidade.gov avèk non w, dat nesans ou, adrès ou, epi di ke ou vle patisipe nan Pwojè Pilòt Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs Aksesib la; oswa
- Ranpli epi retounen fòm sa a pa imel nan votebyemail@miamidade.gov, pa faks nan (305) 499-8401, oswa pa lapòs nan PO Box 521250, Miami FL 33152-1250; oswa
- Rele (305) 499-8444
- Yo dwe resevwa demann ou an pa pi ta pase 5:00 pm nan dat 24 oktòb 2020.

RESEVWA BILTEN VÒT ELEKTWONIK OU:

- Ou va resevwa yon imèl lè bilten vòt la pare. Li va ba ou lyen entènèt la ak enstriksyon sou kòman pou w jwenn aksè a bilten vòt la sou entènèt, epi konsèy sou kòman pou w retounen bilten vòt ou vote a.
- Menmsi w kapab enprime ak rasanble yon anvlòp sètifika retou, biwo Sipèvizè Eleksyon an ap voye pa lapòs pou ou yon pake regilye bilten vòt pou vote pa lapòs ki gen yon bilten vòt an papyè de rechanj, si ou pa kapab enprime bilten vòt elektwonik ou an oswa si ou senpleman prefere sèvi ak anvlòp sètifika sa a olye pou rasanble vèsyon pa imèl anvlòp la.

VOTE AK BILTEN VÒT ELEKTWONIK OU:

- Aprè ou fin vote bilten vòt sou entènèt ou an, ou dwe enprime li.
- Ou ka enprime anvlòp sètifika elektwonik la oswa itilize anvlòp sètifika nou voye ba ou pou retounen bilten vòt la. Asire w ke ou siyen oswa fè mak ou nan bwat siyati sou do anvlòp sètifika a, kèlkeswa vèsyon ou itilize.
- Voye bilten vòt ou fin vote a pa lapòs bay Biwo Eleksyon yo pi vit posib pou li rive pa pi ta pase 7:00 pm nan Nwit Eleksyon an oswa depoze li nan yon bwat pou depoze bilten.
- Yo dwe fè diplikata vòt ou yo an yon bilten vòt ekipman tabilasyon nou an kapab trete. Se pèsònèl eleksyon ki fè diplikasyon sa a nan kondisyon ki kontwole, kidonk, yo va konsève entegrite ak sekrè vòt ou a.

Si w ap itilize fòm sa a pou w enskri pou pwojè pilòt la epi w fè demann yon bilten vòt elektwonik, tanpri ranpli fòm ki apre a:

Demann Bilten Vòt Elektwonik pou Eleksyon Jeneral 3 novanm			
Non		Dat Nesans (MM/JJ/AAAA)	
Imel			
Adrès Rezidansyèl			
Adrès Postal, si diferan			
Lè mwen siyen anba la a, mwen konfime ke mwen se yon votè ki gen yon andikap. Mwen konprann ke mwen dwe enprime bilten vòt elektwonik mwen an epi soumèt li bay ofisyèl eleksyon lokal mwen yo alè pou li rive nan biwo yo pa pita pase 7:00 pm nan Nwit Eleksyon an. Mwen konprann ke lè mwen vote avèk bilten vòt elektwonik mwen, yo va transfere seleksyon mwen yo sou yon bilten vòt ofisyèl pou tabilasyon.			
Siyati		Nimewo Telefòn	